



<p>Fòm Aksè Depatman Pwobasyon pou Sistèm Chofè Anba Enfliyans Dwòg oswa Alkòl</p> <p>SISTÈM CHOFÈ ANBA ENFLYANS DWÒG OSWA ALKÒL (IMPAIRED DRIVER SYSTEM, IDS)</p>	Siyati	Prenon	Dezyèm Prenon Moun nan
	ID Kliyan Divisyon Veyikil Mobil (Department of Motor Vehicles, DMV) Moun nan (Nimewo Lisans Chofè)		
	Non ak Adrès Depatman Pwobasyon an		

Enstriksyon

Kenbe yon kopi ranpli fòm sa a nan dosye moun nan.

Bay moun nan yon kopi ranpli fòm sa a.

Mwen menm, moun ki siyen anba la a, bay **KONSANTMAN** epi otorize **Depatman Pwobasyon** ki mansyone anwo a pou resevwa enfòmasyon konsènan nenpòt done ki gen kounye a ak/oswa ki te genyen avan sou zak kote mwen t ap kondwi anba enfliyans dwòg oswa alkòl, ki gen ladan kondanasyon/jijman ki te gen avan paske mwen t ap kondwi anba enfliyans dwòg oswa alkòl oswa lòt vyolasyon sikilasyon ki make sou lisans mwen ak kalite done sa yo:

- **Chofè:** ID kliyan DMV, premye de (2) lèt siyati kounye a ak siyati lè li te fèt, sèks, ak dat nesans.
- **Vyolasyon:** dat vyolasyon an, non tribinal la, vyolasyon an, premye de (2) lèt siyati kounye a, nivo Konsantrasyon San ak Alkòl (blood alcohol concentration, BAC), endikasyon li te refize pran tès pou pwodwi chimik, si genyen, ak yon endikasyon li gen yon lisans ki soti nan yon lòt Eta, si genyen.
- **Pwogram pou Chofè Sou Enfliyans:** non pwogram nan, dat kòmansman ak sityasyon, endikasyon referans pou evalyasyon, si genyen, ak sityasyon enskripsyon nan IDP.
- **Depistaj:** non ajans/pwogram nan, dat depistaj lan, endikasyon referans pou evalyasyon, si genyen, ak endikasyon ki zouti depistaj yo te itilize.
- **Evalyasyon:** sous referans, non ajans/pwogram nan, dat evalyasyon an te kòmanse ak fini ak sityasyon evalyasyon an.
- **Tretman:** non ajans/pwogram nan (yo), dat admisyon, dat li soti nan tretman an, kantite seyans, ak si li toujou nan pwogram nan ou pa.

REZON y ap fè analiz sa a se pou mennen ankèt oswa sipèvizyon.

Mwen menm, moun ki siyen anba a, te li sa ki anwo a epi mwen otorize manm pèsònèl la pou bay non enstitisyon pou bay, pran, ak pataje enfòmasyon ki endike la yo.

Mwen konprann, amwenske gen yon lòt bagay ki presize, konsantman sa a ap rete anvigè epi li p ap ka anile jiskaske gen yon fen fòmèl ak efikas oswa anile desizyon pou lage mwen soti nan prizon ak/oswa pwobasyon, pwobasyon pwovizwa, liberasyon kondisyonèl, oswa lòt pwosè ak aksyon yo te egzije oswa mwen dakò pou antre nan tretman; oswa

Kantite tan konsantman an ap dire (si li diferan): _____

Mwen konprann se Lwa Pwoteksyon Vi Prive Chofè Federal la (Federal Driver's Privacy Protection Act), 18 USC §2721 ki kontwole kijan yo divilge enfòmasyon DMV mwen epi siyati mwen anba a reprezante otorizasyon mwen pou DMV divilge enfòmasyon pèsònèl mwen bay Depatman Pwobasyon ki endike anwo a.

Epitou mwen konprann nenpòt enfòmasyon ki idantifye mwen yo divilge dwe respekte Tit 42 Kòd Regilasyon Federal (Code of Federal Regulations) 42 CFR Pati 2, ki gouvènè konfidansyalite dosye pasyan ki abize alkòl ak dwòg, ansanm ak Lwa Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante a (Health Insurance Portability and Accountability Act) 1996 (HIPPA) 45 CFR Pati 160 & 164; epi moun yo ki resevwa enfòmasyon sa a kapab re-divilge li sèlman pou travay ofisyèl yo. Answit mwen otorize pou re-divilge Depatman Pwobasyon ki mansyone anwo a nenpòt enfòmasyon ki endike anwo a bay moun non yo endike anba a, si genyen, pou rezon ki deklari anba la a.

(Mete inisyal ak idantifye Tout bon repons yo)

[] Lòt depatman pwobasyon: _____ k ap mennen ankèt tribinal òdone ak/oswa sipèvizyon moun nan.

[] Lòt tribinal penal: _____ pou pran responsablite li pou pran desizyon, kondane, vyolasyon ak/oswa sètifika reparasyon pou detèminasyon andikap ki enplike moun nan.

[] Biwo Pwokirè Jeneral: _____ pou fè aktivite ofisyèl li ak pwosè oswa aksyon moun nan gen obligasyon oswa te dakò pou fè tretman.

[] Biwo Defansè Piblik oswa Avoka Defans Prive ki reprezante mwen: _____ pou reprezantasyon moun nan nan pwosè oswa aksyon moun nan gen obligasyon oswa te dakò pou fè tretman.

Nou entèdi yo re-divilge okenn enfòmasyon san otorizasyon ekri mwen amwenske lalwa otorize li.

REMAK: Nenpòt enfòmasyon yo pataje nan fòm sa a **DWE** fini ak fòm **Entèdiksyon Pou Re-Divilge Enfòmasyon Konsènan Tretman Pasyan Pou Depandans Sou Pwodwi Chimik** (Prohibition on Redislosure of Information Concerning Chemical Dependence Treatment Patient, TRS-1).

Non moun nan	Siyati moun nan
Dat li siyen an	Siyati Paran oswa Responsab Moun nan, Si Genyen